ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№25 (24.931) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 28, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## ЗэпыщIэныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэ




**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ зэращищIам ипкъ иткIэ, Белгород областым щыIащ республикэм щыщ творческэ гупышхуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин я пашэу.**

РЕСПУБЛИКЭМ и лIыкIуэхэр хэтащ Урысейм и лъэпкъхэм я илъэсыр Iэтауэ къызэIухыным теухуауэ Белгород къалэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ пшыхьым. Зэхыхьэр ягъэдахэу утыкум итащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамблыр. Ди артистхэм щIыналъэм и нэгъуэщI щIыпIэхэми зыкъыщагъэлъэгъуэну я мурадщ.

Творческэ гупхэр ди къуэш щIыналъэм зэрыкIуар хуэщхьэпэнущ ди щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэмрэ лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ нэхъри гъэбыдэным.

Фигу къэдгъэкIыжынщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Белгород областымрэ илъэс куэд щIауэ зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэхэр зэраIэр, абыхэм ящыщщ а щIыналъэм щыпсэу сабийхэм я узыншагъэр республикэм и санаторэхэм щрагъэфIэкIуэну Iэмал зэраIэр.

Къэхъукъащlэхэр

## Я щытыкIэм уигъэгужьеижкъым

**Ставрополь крайм къыщыхъуа автомобиль зэжьэхэуэм хэхуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщIэхэм я щытыкIэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и нэIэ щIэтщ.**

Ди республикэм икIыу «Ставрополь - Александровское - Минеральные Воды» гъуэгум тет микроавтобусыр машинэ зэжьэхэуэм хэхуащ. Абы исахэм ящыщу шоферымрэ балигъыпIэ нэмыса ныбжьыщIитхумрэ фэбжь ягъуэтри, ахэр Минеральные Воды къалэм дэт сымаджэщым яшащ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, абыхэм я щытыкIэм узыгъэгужьеин хэлъкъым. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэр япыщIащ Ставрополь щIыналъэм щыщ я лэжьэгъухэм. Ахэр зэчэнджэщурэ Iуэхур ягъэтэрэз.

КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам псынщIэу нэсащ зэжьэхэуэр къыщыхъуа щIыпIэм. Абы икIри, ди лъахэгъухэр здаша сымаджэщым кIуащ, фэбжь зыгъуэтахэм я Iуэху зыIутыр зригъэщIэну. ЗэрытраухуамкIэ, а цIыхуихыр Налшык и сымаджэщхэм къашэжынущи, КъБР-м КъэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэмкIэ и центрым Минеральные Воды игъэкIуащ ахэр ди щIыналъэм къызэрагъэсыжын «дэIэпыкъуэгъу псынщIэ» автомобилхэр. Фэбжь зыгъуэтахэр ирашэлIэнущ Республикэ клиникэ сымаджэщымрэ Республикэ сабий клиникэ центрымрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир, ди республикэм щыщу машинэ зэжьэхэуэм фэбжь щызыгъуэтахэм къахуищIа гулъытэм папщIэ.

Дызэкъуэту



## Артемийрэ Тимуррэ я зэIущIэ гукъинэж

**Налшыкдэс ныбжьыщIэ, республикэми къэралми щыпсэухэр гум дыхьэу игъэзащIэ хэкупсэ уэрэдхэмкIэ нэгъабэ къыдэзыхьэха Ольмезов Тимур и хъуэпсапIэр къехъулIащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм Тимур зыхуигъэзат дыгъэгъазэм иригъэкIуэкIа эфир занщIэмкIэ икIи елъэIуат и хъуэпсапIэр - ЛIыгъэм и орденыр зрата, дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужь Глебов Артемий зригъэцIыхуныр - зригъэхъулIэнымкIэ къыдэIэпыкъуну. Ар апхуэдизу зыпэплъа зэIущIэр иджыблагъэ щекIуэкIащ Санкт-Петербург къалэм.

ЗэуапIэм и ныбжьэгъуищ къыщезыгъэла, гъэунэхуныгъэ гуащIэхэм пхыкIа Артемий щIалэ цIыкIум дежкIэ щапхъэ нэс хъуащ, абы къигъэлъэгъуа псэкупсэ къарум, щIыхьым, хахуагъэм иригушхуэу.

«ПщIэ зыхуэсщI Тимур! А зэIущIэр игъащIэкIэ уигу къызэринэжынум шэч къытесхьэркъым.

Уэ хэкупсэ нэсу укъохъу. Сынохъуэхъу а гъуэгум уи щхьэр лъагэу Iэтауэ урикIуэну, Артемий хуэдэ цIыху хахуэхэр гъуазэ пхуэхъуу упсэуну икIи гугъуехьхэм зэи уакъыпимыкIуэтыну.

Хэкур гурэ псэкIэ фIыуэ плъагъуу упсэуну, ехъулIэныгъэшхуэхэр уиIэну си гуапэщ!», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек MAX-м щиIэ напэкIуэцIым.



Дропсалъэ икIи дрогупсысэ

4-нэ нап.



Си адэжьхэр адыгэщ, абыхэм сракъуэпсщ

9-нэ нап.



Смартфоныр зэран хьэмрэ фIыгъуэ?

10-нэ нап.




11-нэ нап.



ЗэкIэ дыжьынщ

12-нэ нап.

# ТхьэрыIуэмрэ дзэ къалэнымрэ хуэпэжу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Дзэ Iуэху хэхахэм хуэгъэпса къарухэм я махуэм и щIыхькIэ а IэнатIэм къулыкъу щызыщIэхэм захуигъэзащ**:

«УРЫСЕЙМ щагъэлъапIэ Дзэ Iуэху хэхахэм хуэгъэпса къарухэм я махуэр.

Шэч хэмылъу, ССО-р къызэгъэпэщыныр уващ Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм зегъэужьынымкIэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэу.

ЗэщIэгъэуIуауэ сыт хуэдэ шынагъуэми пэувыф, иджырей нэхъ Iэщэ лъэщ дыдэрэ техникэкIэ къызэгъэпэща къудамэхэр убзыхуныр къыхэкIащ къэрал щIыб политикэм къыщекIуэкI зэпэщIэтыныгъэхэм, ди къэралыр зыми и унафэ щIэмытыным, абы и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным пыщIауэ къэув къалэнхэр гъэзэщIэным.

ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу ССО-м и гупхэм УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм езыхэм я увыпIэ щаубыдыжащ, мыхьэнэшхуэ зиIэ хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуащIащ Урысей армэм и дзэхэм я лъэщагъым нэхъри хэгъэхъуэным. Абыхэм наIуэ къащIащ къалэн нэхъ гугъу икIи шынагъуэ дыдэхэм зэрапэлъэщынур, сыт хуэдэ щытыкIэми псынщIэу икIи хэкIыпIэ тэмэм къыхуагъуэту къызэрикIыфынур.

Дзэ Iуэху хэхахэм хуэгъэпса къарухэр нобэ зауэм и гуащIапIэм хэтщ - тIасхъэщIэх макIуэ, бийм и щIыналъэм щыIэщ, гъунапкъэм Iус щIыналъэхэм зэран хъун мурад яIэу къихьэ щIэпхъаджащIэхэр лъэныкъуэ ирагъэз.

ФIыщIэ мыухыж яхузощI а IэнатIэм пэрытхэм, я хахуагъэмрэ я къулыкъум къахуигъэув къалэнхэр Iэзэу зэрагъэзащIэмрэ папщIэ.

Шэч хэмылъу, дэ дрогушхуэ ССО-м хэту къулыкъу зыщIэ, Хэкур зыхъумэ ди хэкуэгъу щIалэхэми. Абыхэм къагъэлъагъуэ тхьэрыIуэмрэ дзэ къалэнымрэ зэрахуэпэжыр.

Си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу Дзэ Iуэху хэхахэм хуэгъэпса къарухэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ ветеранхэмрэ я IэщIагъэм епха махуэмкIэ.

Си гуапэщ узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ яIэну, ТекIуэныгъэр икIэщIыпIэкIэ къахьыну!»

● Лъэпкъ проектхэр

# Сабийхэм яхуэгъэза гулъытэ

**Ди республикэм и къалащхьэ Налшык дэт сабий гъэсапIэ №73-р дыгъуасэ къызэIуахыжащ, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту. Абы кърихьэлIащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, министерствэм и IэщIагъэлIхэр, къалэм дэт гъэсапIэхэм я унафэщIхэм, адэ-анэхэм ящыщхэр**.

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ зэпыщIэныгъэ Iэмалыр къигъэсэбэпу гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей. Ар гуапэу ехъуэхъуащ сабий садым и лэжьакIуэхэм, абы и гъэсэн цIыкIухэм, абыхэм я адэ-анэхэм.

Сабий гъэсапIэр 1988 гъэм яухуауэ щытащ. Абы лъандэрэ IуэхущIапIэр зэрагъэпэщыжурэ гъэ еджэгъуэщIэм хуагъэхьэзырыжу лэжьащ. АтIэми, иджырей ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм хуэдэ зэи щекIуэкIакъым гъэсапIэм. А лэжьыгъэхэм къриубыдэу садым и унащхьэр яхъуэжащ, и щIыбкIи, и кIуэцIкIи зыхуей хуагъэзащ, инженер коммуникацэхэри щIэкIэ зэрахъуэкIащ.

КъищынэмыщIауэ, сабий садым хэт пщэфIапIэм щIэт технологие оборудованэхэри щIэкIэ яхъуэжащ. ГъэсапIэр къанэ щымыIэу къызэрагъэпэщащ унэлъащIэ екIухэмкIэ, сабийхэр зэрыджэгуну хьэпшыпхэмкIэ, егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэпыну IэмэпсымэхэмкIэ. А псоми, шэч хэмылъу, щыгуфIыкIащ гъэсапIэм екIуэлIэжа сабий 300-р.

Къыхэдгъэщынщи, гъэсапIэр зэпэщ ящIащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ.

# ПэхуэщIэм ифIхэр

**«Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм 2025 гъэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр псы къабзэкIэ къызэзыгъэпэщ и IэнатIэхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр ягъуэтащ**.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, япэ илъэсым къриубыдэу ди республикэм и къалэ, къуажэ щIыпIэу 15-м лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIащ: псы къабзэкIэ цIыхухэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэм хыхьэу, псори зэхэту километр 83,7-рэ зи кIыхьагъ бжьамийхэр къагъэщIэрэщIэжащ е зэрахъуэкIащ.

Мы гъэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэхаублэнущ икIи псы къыщIэшыпIэщIэхэр е зэбгрытыкIыпIэщIэхэр щаухуэнущ Бахъсэн, Налшык, Прохладнэ къалэхэм. Хьэбэз, Шэджэм ЕтIуанэ, Прималкинскэ, Инарыкъуей, Акъбащ Ипщэ, Мэрзэхъу, Бедык къуажэхэм къыщрахьэжьа лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсынущ.

Абыхэм нэмыщI, Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Куба, Каменномост, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэхэм псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийхэр иджыри щаукъуэдиинущ, псори зэхэту километр 35,2-м нэблагъэ я кIыхьагъыу.

**КЪУЭЖЕЙ Iэдэм**.

● КъБР-м и Парламентым



# ДэIэпыкъуныгъэр и лъабжьэщ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хабзэгъэув IэнатIэм и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ**.

ПСОМ япэу депутатхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административнэ-щIыналъэ ухуэкIэм и IуэхукIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я статусымрэ гъунапкъэхэмрэ я IуэхукIэ» КъБР-м и Законхэм. Ахэр теухуащ зыри зыдэмысыж жылагъуэхэр зэрагъэкIуэдыжым.

Законопроектыр къыхилъхьащ Тэрч муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и советым. Абы теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъа Тэрч щIыналъэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Алъкъащ Виталий жиIащ КъБР-м и Тэрч муниципальнэ районым хыхьэ Новэ-Хьэмидей, Терекскэ, Плановскэ къуажэхэм я советхэм «Жылагъуэр гъэкIуэдыжыным икIи учётхэм хэгъэкIыным теухуауэ» къащта унафэхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым къызэрыхалъхьар Новэ-Хьэмидей къуажэм хыхьэ Акведук жылэр, Плановскэ къуажэм хиубыдэ Урыху гъуэгу зекIуапIэр, Терекскэ къуажэм щыщ Тэрч ЦIыкIу жылэр дэфтэрхэм зэрыхагъэкIыжыр.

- Тэрч ЦIыкIу къуажэм щыпсэухэр 2013 гъэм ягъэIэпхъуауэ щытащ цIыхухэр жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ щыIэ щIыналъэ программэмкIэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, зи гугъу тщIы жылагъуэхэр зэбгъэпэщыжынуи зебгъэужьынуи мыхьэнэ зэримыIэр. Абыхэм цIыху дэсыжкъым, гъуэгу, электрокъару екIуалIэркъым, ухуэныгъэ дэткъым, унэй мылъкуу зыри щытхакъым, - жиIащ къэпсэлъам. - Фигу къэзгъэкIыжынщи, мыпхуэдэ лэжьыгъэ йокIуэкI Урысей Федерацэм и Президентым «ЩIыпIэхэм я дэфтэрхэр» къэрал программэм хыхьэу къигъэлъэгъуа пщэрылъхэр гъэзэщIэным тету. Абы ипкъ иткIэ БгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкухэм я къэрал реестрым мы гъунапкъэхэр къыщыгъэлъэгъуапхъэщ.

Депутатхэм зэдэарэзыуэ даIыгъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм унагъуэ хуэмыщIахэм, зи закъуэу псэу цIыхухэм къэралыр зэрадэIэпыкъум теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. Абы къыщыгъэлъэгъуащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ «Къэрал дэIэпыкъуныгъэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 82-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа нэгъуэщI цIыхухэмрэ «социальный контракт» жыхуаIэмкIэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратыр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тогузаев Тахир жиIащ зи гугъу ящI зэгурыIуэныгъэм хуэдэ иращIылIэу, лэжьапIэншэ е лэжьапIэ къэзылъыхъуэ ветеранхэм хьэрычэт Iуэху къызэIуахынымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну Iэмал зэраIэр, къэбгъэлъагъуэмэ, зэ тыгъуэу сом мин 350-м нэскIэ абыхэм зэрызыщIагъэкъуэфынур. ДэIэпыкъуныгъэр иратынущ унагъуэм ику ит и хэхъуэр къамылъытэу, ауэ зэгурыIуэныгъэр ветераным иращIылIэн щхьэкIэ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым щагъэхьэзыра дэфтэр иIыгъыпхъэщ, къэралыр зыдэIэпыкъун хуейхэм зэращыщыр щыгъэбелджылауэ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Iуэхур жэуаплыныгъэ пылъу щегъэкIуэкIыным зегъэужьыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар зэхагъэуващ Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и зэIущIэм къыщащта унафэхэм тету. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис жиIащ законопроектым ипкъ иткIэ, щIыналъэ унафэщIхэм я пщэрылъу зэрагъэувыр «Хьэрычэт IуэхущIапIэм и фIагъым и индекс» (ЭКГ-рейтинг) жыпхъэр и лъабжьэу хьэрычэт Iуэхум къэралым зэрызыщрагъэужьынур. Апхуэдэу хьэрычэт IуэхущIапIэхэр къапщытэнущ лъэныкъуищкIэ: дыкъэзыухъуреихь дунейр зэрихъумэмрэ технологие нэхъыфI дыдэхэр къызэригъэсэбэпымрэ; IуэхущIапIэм щат улахуэр, дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэмрэ псапэ зыщIэхэм зэрахэтымрэ; налог зэритымрэ щIыналъэм и зыужьыныгъэм хуищI хэлъхьэныгъэмрэ. Абыхэм тету къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIа нэужь, ЭКГ-рейтингым IуэхущIапIэр зэрыпхыкIар къагъэлъэгъуэнущ (абы хэтыну хуитыныгъэ яIэщ псоми). ЭКГ-рейтингым пхыкIахэм Iэмал нэхъыбэ яIэнущ заужьын папщIэ къэралыр къазэрыдэIэпыкъуну IуэхухэмкIэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адвокат палатэм и квалификацэ комиссэм КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу лIыкIуэхэр зэрыхах щIыкIэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым, «ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къагъэлъагъуэ хэхъуэхэм, мылъкум ятеухуа дэфтэрхэр зэрыпэжым кIэлъыплъ комиссэм теухуа Положенэм.

КъБР-м и Парламентыр Владимирскэ областым и Хабзэубзыху Зэхуэсымрэ Иванов щIыналъэ Думэмрэ зэрадэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэрыращIылIэнум теухуа унафэхэри зэIущIэм къыщащтащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.






# Дин нэхъыщхьищым я сэбэпынагъэр

**КъБКъУ-м Педагогикэмкlэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкlэ и институтым къызэригъэпэща щlэныгъэ зэхуэс иджыблагъэ екlуэкlащ. Ар теухуауэ щытащ «Унагъуэ лъапlэныгъэхэр: динищым я еплъыкlэ» зыфlаща, мыхьэнэшхуэ зиlэ lуэхум. Абы хэта хьэщlэхэм ящыщщ Дунейпсо ислъам зэгухьэныгъэм и гъэзэщlакlуэ унафэщl Пщыхьэщlэ Шафихь, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис Муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм и унафэщlым и къуэдзэ Сыжажэ Алим, Урыс чыристан члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием и Налшык округым и благочиннэ Бобылев Валентин, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм и раввин нэхъыщхьэ Шабаев Леви, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщl Бер Хьэзрэталий, КъБР-м щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ Ахметов Артур.**

ЗЭХЫХЬЭМ лъабжьэ хуэхъуар псэкупсэ-щэнгъасэ лъапlэныгъэхэр хъумэным хуэунэтlауэ Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкlа унафэрщ. Ар къыщызэlуихым, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэ Алътуд Юрэ къыхигъэщхьэхукlащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым цlыхубэм къадекlуэкl хабзэхэр хъумэным и lуэхум мыхьэнэ хэха зэригъуэтыр.

- Унагъуэр, уи нэхъыжьхэм пщlэ яхуэщlыныр, хьэщlагъэр, пэжыгъэр, хэку лъагъуныгъэр - а псори ди къэралышхуэм ис лъэпкъ псоми я дежкlэ зыщ икlи лъапlэщ. Абыхэм я лъабжьэмрэ купщlэмрэ дызэрегъэубыд, зэхэтыкlэ дахэ зэтреухуэ. Нобэ зэи хуэмыдэжу мыхьэнэшхуэ иlэщ а зэхэтыкlэм и лъабжьэм, ар сэбэп къытхуохъу зэгурыlуэныгъэ ди зэхуаку дэлъынымкlэ, дзыхь зыхуэтщlынымкlэ, иджырей зэманым къытхуигъэув гугъуехьхэм зэгъусэу дапэщlэтынымкlэ», - къыхигъэщащ еджапlэ нэхъыщхьэм и унафэщlым.

Зэlущlэм хэтахэр тепсэлъыхьащ жылагъуэм и щхьэхуэныгъэхэм. Ислъамми, чыристан динми, иудаизмэми унагъуэр социальнэ lыхьэ къудейуэ къым къызэрыщалъытэр, атlэ ар лъэпкъ, псэкупсэ зыужьыныгъэр зыгъэкlуатэ «lэмэпсымэ лъапlэщ». Дин псоми я хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ нэхъыжьхэм, адэ-анэхэм защlэгъэкъуэныр, зеиншэхэмрэ къыпхуэныкъуэ lыхьлыхэмрэ гулъытэ яхуэщlыныр.

Пщыхьэщlэ Шафихь гулъытэ хуищlащ унагъуэ хабзэхэр хъумэн зэрыхуейм, урысей щэнхабзэ, псэкупсэ лъапlэныгъэхэм ятемыхуэ къухьэпlэ идеологиехэм яжь къытщlиху зэрымыхъунум. Ахметов Артур утыку кърихьащ къэрал щlалэгъуалэ политикэмрэ граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ теухуауэ иlэ еплъыкlэхэр. «Унагъуэм къыщежьэ хабзэхэр сэбэп мэхъу щlыналъэмрэ къэралымрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщlыф, жэуаплыныгъэ зыхэлъ щlалэгъуалэ хэкупсэхэр гъэсэным», - жиlащ абы. Берд Хьэзрэталий къыхигъэщхьэхукlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм зэрахьэ дин нэхъыщхьищым я лlыкlуэхэм унагъуэ лъапlэныгъэхэр зэралъагъур щыжаlа утыкум мыхьэнэшхуэ зэриlэр. Абы къызэрилъытэмкlэ, зэпсэлъэныгъэ зэlухамрэ lуэху еплъыкlэхэмкlэ зэхъуэжэнымрэ зэгурыlуэныгъэр гъэбыдэным сэбэп хуохъу, ар псом хуэмыдэу lуэхушхуэщ лъэпкъ куэду зэхэс жылагъуэм дежкlэ.

Университетым и студентхэри жыджэру хэтащ зэlущlэм, lэщlагъэлlхэм упщlэхэр иратащ. Къызэгъэпэщакlуэхэм КъБКъУ-м и унафэщlхэм я цlэкlэ хьэщlэхэм фlыщlэ хуащlащ купщlафlэу, кууэ къызэрыпсэлъам папщlэ. А махуэм Алътуд Юрэрэ Пщыхьэщlэ Шафихьрэ зи унафэщl lэнатlэхэр дяпэкlэ зэрызэдэлэжьэным теухуа зэгурыlуэныгъэм lэ щlадзащ. А дэфтэрым ипкъ иткlэ, дяпэкlэ зэгъусэу проектхэр зэфlахынущ, конференцхэр, lэнэ хъурейхэр ирагъэкlуэкlынущ.

**ДАРИЙ Дахэнур.**



## Къалъыхъуэ

Урысей МВД-м и «Налшык» управленэм уголовнэ розыскымкlэ и лэжьакlуэхэм къалъыхъуэ УФ-м и УК-м 159-нэ статьям и 4-нэ lыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щlэпхъаджагъэм хуэдэ (хьэгъэщагъэ) илэжьауэ шэч зыхуащl Тэтрокъуэ Башир Астемыр и къуэр, 1986 гъэм накъыгъэм и 4-м къалъхуар.

Ар здэщыlэм фыщыгъуазэмэ, икlэщыпlэкlэ мы телефонхэмкlэ хъыбар къэдвгъэщlэну дыныволъэlу:

8-999-491-93-69 - уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкlэ къудамэ,

8(8662)49-46-02 - плъыр часть.

Хъыбарыр къызыбгъэдэкlар хэlущlыlу ящlынукъым.

## Газетыр къевгъэхь!

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщlэсуи lэ тевдзэ хъунущ. Абы папщlэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикlуэн хуейуэ аращ.

## Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ lэмалкlи зэпыщlауэ дызэрыщытынум дыщогуфlыкl. Фэ япэу къэфщlэфынущ щlыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщlэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкlэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекlуэкl lуэхухэм жыджэру хэт цlыхухэм. Ди каналым lэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкlэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщlа дызэрыхъунур!

Лъэпкъ lуэху

# Дунейпсо адыгэ диктант

**Ди лъэпкъэгъухэр куэду щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ lуэрытх (диктант). Мы гъэм ар еянэу екlуэкlынущ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм, гъатхэпэм и 14-м, ирырагъэхьэлlэ lуэху дахэхэм ящыщщ ар.**

ДИ лъэпкъым и цlыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи гурыщlэм щызыгъафlэ хэкупсэхэр къызэщlэзыубыдэ а lуэрытхыр къыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэмкlэ и къудамэм. lуэрытхым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщlэр къэlэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкlэ бгъэдэлъ щlэныгъэр адэкlи егъэфlэкlуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Бэрбэч ХьэтlутIэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Адыгэ къэрал университетым гъатхэпэм и 13-м сыхьэт 12-м екlуэкlыну еянэ Дунейпсо адыгэ lуэрытхым жыджэру фыхэтыну фрагъэблагъэ. lуэрытхыр онлайн, офлайн щlыкlэхэм тету къызэрагъэпэщынущ.

Адыгэ lуэрытхым хэтынухэр щызэхуэсынущ ди республикэм и щlыналъэхэм, къалэхэм щылажьэ курыт школхэм, еджапlэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм.

Налшык къалэм хиубыдэу Адыгэ lуэрытхыр щекlуэкlынущ мы щlыпlэ нэхъыщхьэхэм:

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым (Чернышевскэм и цlэр зезыхьэ уэрам,173, пэш №501-м);

Кlуэкlуэ Валерэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым (Ленинparam и цlэр зезыхьэ уэрам, 1в, экономикэмкlэ факультет, 5-нэ къат);

Мэлбахъуэ Тимборэ и цlэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэм (Нэгумэ Шорэ и цlэр зезыхьэ уэрам, 5).

lуэхущlапlэ щхьэхуэ емыкlуэлlэфынухэм анэдэлъхубзэмкlэ я щlэныгъэр онлайн щlыкlэм тету къыщапщытэ хъунущ мы электрон хэщlапlэмкlэ: https://my.mts-link.ru/j/14488225/13434735004

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэкlэ lуэрытхыр зытхахэм я лэжьыгъэхэм и сурэтыр (скан) сыхьэтым кърихубыдэу къэпщытакlуэхэм яхуевгъэхь хъунущ мы электрон хэщlапlэм: dahnalchik@gmail.com

Адыгэ lуэрытхым хэтыну къыхудоджэ адыгэбзэр фlыуэ зылъагъу, адыгэу зыкъэзылъытэж, абы и къэкlуэнум ирипlейтей хэкупсэ псори. Ар итх хъунущ гукъыдэж зиlэ дэтхэнэми, и ныбжьми, lэщlагъэми, щыпсэу щlыпlэми, адыгэбзэмкlэ бгъэдэлъ щlэныгъэми, бзэм зэрыхуэlэрыхуэми емылъытауэ.

Адыгэ lуэрытхыр зэрекlуэкlыну жыпхъэ убзыхуам ДАХ-м и сайтым фыкъыщеджэ хъунущ: intercircass.org.

Упщlэ зиlэхэр +79289109975; +79286934817 телефонхэм фыпсалъэ хъунущ.

## Мы махуэхэм

**Мазаем и 28,** *щэбэт*

♦**Куэдрэ узримыхьэлlэ узыфэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Цlыхур жеиным и дунейпсо махуэщ**

♦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакlуэ-уэрэдус цlэрыlуэ **Къанкъул ФlыцIэ**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ усакlуэ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Сонэ Абдулчэрим**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щlыхь зиlэ и дохутыр, медицинэ щlэныгъэхэмкlэ кандидат **Щэрдан Нодар**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ уэрэджыlакlуэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артист **Уэтэр Муlэед**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Жэрыкъуэ Борис**.

### Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэс къыщесынущ. Щlыlэр махуэм градус 0 - 1, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 1,** *тхьэмахуэ*

♦**Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Гуапагъэ зэжеlэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1897 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щlыхь зиlэ и нартыхугъэкl, и гуащlэм къыпэкlуауэ орден, медаль зэмылlэужьыгъуэхэр зрата **Щауэ Данил**.

### Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щlыlэр градус 1 - 2 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 2,** *блыщхьэ*

♦**Мафlэдзым и дунейпсо махуэщ**

♦**1920 гъэм** къалъхуащ адыгей усакlуэ, Совет Союзым и Лlыхъужь **Андырхъуей Хъусен**.

### Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 8, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

### Къытхэхъуащ

***Вэсэмахуэ*** республикэм къыщалъхуащ сабий 32-рэ: 12-р хъыджэбз цlыкlущ, 20-р щlалэщ.

***Дыгъуасэ*** - сабий 35-рэ: 16-р хъыджэбз цlыкlущ, 19-р щlалэщ.

***Мазаем** зэрыщlидзэрэ щlыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 667-рэ, илъэсым и пэщlэдзэм щегъэжьауэ 1672-рэ.*

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

**Пабжьэм хэсыр лыгъэм къыхехури, гум илъыр фадэм къреху.**

● Гъэсэныгъэ





# Дропсалъэ икIи дрогупсысэ

**Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Налшык и курыт еджапIэ №21-м дерс зэIуха купщIафIэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщат школым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ щезыгъаджэхэу Мудрэн Масирэт, Нартокъуэ Маринэ, Гериевэ Iэнисэт сымэ. Абы хэтащ ещанэ-ебгъуанэ классхэм щеджэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ.**



ДАХЭУ, гъэхуауэ зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ МахуэлI Реянэрэ Мутчаевэ Изабеллэрэ. Зытеухуам елъытауэ Iыхьищу зэхэтащ дерсыр. Япэр анэдэлъхубзэм теухуат, етIуанэр Хэку зауэшхуэм хухэхат, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ зи лъабжьэр ещанэт.

Бзэм, хабзэм, Хэкум, лъэпкъ щIэжым, лъагъуныгъэм теухуауэ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гуртуев Берт, Зумакуловэ Танзиля, нэгъуэщIхэми я усэхэм къеджащ еджакIуэ цIыкIухэр. Ещанэ классым щIэс Темыркъан Аланэ фIы дыдэу зригъэщIат Мамбэт Рузанэ урысыбзэкIэ итха «Мой кабардинский язык!» усэ купщIафIэр. Дэтхэнэми и макъым и IукIэ иIэжми, къыщыуэ, щыгъупщэж хэмыту, жаIэр къазэрыгурыIуэр, я псэм зэрынэсыр нэрылъагъуу апхуэдэт. А цIыкIухэм яIурылъ лъэпкъыбзэхэр щызэхэпхкIэ, кIуэдыжыну жыхуаIэ псалъэ жагъуэхэм шэч къытепхьэу щIыбодзэри, уи гур къогуфIыкI.

Усэхэм къадэкIуэу, еджакIуэ цIыкIухэм Алыджым «дыкъыщагъэхутащ». 4-нэ классым щIэсхэу Эркинов Мухьэммэдрэ Курбонов Юсуфрэ ди пащхьэм къырахьащ Ксанф философымрэ абы и пщылI, басня зытх Эзопрэ ятеухуа теплъэгъуэ кIэщI, бзэгум и мыхьэнэм теухуауэ. А цIыкIухэм хьэкъ тщащIыфащ абы нэхърэ нэхъ лъапIэ хьэпшыпи, нэхъ пуди зэрыщымыIэр, къызэрыбгъэсэбэпым елъытауэ. Псыншэу бдзэжьейр зэрымыпсэуфынум ещхьу, бзэншэу цIыхур щыIэфынкIэ Iэмал иIэкъым. А бзэращ дызэгупсысыр зэзыгъэзахуэри, дызэрызэпсалъэри, Iуэху зэрызетхьэри. ЦIыхум и гъащIэ псор епхащ а бзэм (бзэгум).

- Япэ дыдэу псэлъэн зэрыщIэддзэр ди анэдэлъхубзэращ. Дунейм тетщ бзэ куэдыкIей, лъэпкъ къэс езым ейр щхьэхуэщ. Ди адэ-анэм дагъэсащ абы дрипсалъэу, дригупсысэу. Уи анэдэлъхубзэмкIэ упсэлъэным, щыуагъэншэу уритхэным къегъэлъагъуэ узэрыгупсысэри, уи щхьэм щызэбгъэзахуэр къызэрыпIуэтэфри. А псом къыхэкIыу уи бзэр пщIэн, ар пхъумэн хуейщ, - жаIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкI пщащэхэм. - Дэтхэнэ зы бзэри, нэхъ лъэпкъ мащIэ дыдэм Iурылъри, дуней псо ирокъу, дахагъэрэ таурыхъкIэ гъэнщIауэ. Бджын, пщIэн хуей къудейкъым бзэр, атIэ ар лъэпкъым и псэщ, и гурыфIыгъуэщ, и узщ, и гупсысэщ, и хъугъуэфIыгъуэщ. Абы ди гурыщIэм къыщигъэушыпхъэщ лъагъуныгъэ, укъызыхэкIа лъэпкъым хуэпщI пщIэ. Сэ сыхуейщ си лъэпкъым и къулеигъэ нэхъыщхьэ дыдэр - си бзэр - псэуну, абы зиужьыну. Илъэс куэд щIауэ сызэрыпсалъэ, зджы, пщIэ зыхуэсщI урысыбзэр зыкIи зэран хуэхъуркъым си анэбзэр фIыуэ слъагъуным.

Ди республикэм и цIыхубэ усакIуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я зэныбжьэгъугъэмрэ ахэр зэгъусэу Хэку зауэшхуэм зэрызэдыхэтамрэ тегъэщIапIэ хуэхъуащ зэIущIэм и къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм. Ахэр лъэпкъ усыгъэхэм я лъагапIэу зэрыщытыр иджыри зэ къыхагъэщри, зауэм и гугъуи кIэщIу ящIащ Реянэрэ Изабеллэрэ.

- Махуэ минрэ щиплIрэ пщыкIуийкIэ екIуэкIащ къулейсызыгъэшхуэ къэзыхьа Хэку зауэшхуэр. Нобэр къыздэсым зэхэхауэ къахуэлъытэркъым цIыху гъащIэу абы ихьар зыхуэдизыр, ауэ а бжыгъэр мелуан тIощIрэ блым зэрынэсым шэч хэлъкъым. Нобэрей щIэблэми дэ къыткIэлъыкIуэнухэми мы дунейр щытыху, зы адыгэ, зы балъкъэр дунейм тетыху тщымыгъупщэу тщIэн хуейщ лъэпкъ тхакIуэхэри Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэрахьэу зэрыхэтар. МафIэ лыгъейр къыдэзыдза нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зылI и быну пэщIэува ди цIыхухэм яхэтащ ахэр. Апхуэдэхэщ ЩоджэнцIыкIу Алий, Шортэн Аскэрбий, Нало Ахьмэдхъан, КIуащ БетIал, Бекъул Барэсбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къардэн Бубэ, КъардэнгъущI Зырамыку, балъкъэр тхакIуэ-усакIуэхэу Кулиев Къайсын, Отаров Чэрим, Маммаев Ибрэхьим, Гуртуев Берт, Хочуев Сэлихь, Будаев Азрэт сымэ, нэгъуэщIхэри.

Хэку зауэшхуэм теухуа Iыхьэр зэхуащIыжащ ШэрIужь зэдэлъху-зэшыпхъухэу Азнэуррэ Райанэрэ. Абыхэм екIуу адыгэ сэлэт къафэ ягъэзэщIащ, дерсым кърихьэлIахэм я гукъыдэжыр къаIэту. Булатовэ Мирабель жиIащ «Облако» зи фIэщыгъэ уэрэд дахэр.

«Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ цIэрыIуэ Мыкъуэжь Анатолэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ фIыуэ щыгъуазэт еджакIуэхэр. И усэхэр зытеухуахэм тепсэлъыхьащ, абыхэм ящыщ куэдым къеджащ икIи къыхагъэщащ анэм, лъахэм теухуа и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зэралъагъур. «Iуащхьэмахуэм» сызэрыщыдэлажьэр ящIэрти, псалъэ къызатащ и гугъу яхуэсщIыну. Дерсыр урысыбзэкIэ зэрекIуэкIар (Анэдэлъхубзэм и махуэр лъэпкъитIми зэрызэдагъэлъапIэм къыхэкIыу) сигу къеуати, къыхэзгъэщащ Мыкъуэжьым и гугъу ар зэрытхэ бзэмкIэ сщIымэ нэхъ зэрызигуапэр. «Фыкъызэджа усэхэр и щыхьэтщ Анатолэ адыгэбзэмрэ адыгэ лъахэмрэ, анэмрэ лъэпкъымрэ нэхъ игъэнэхъапэ дунейм зэрытемытым. И IэдакъэщIэкIхэмкIи и къэрал лэжьыгъэмкIи ар зи ужь итыр къыдалъхуа бзэр хъумэнырщ, абы зегъэужьынырщ. Анатоли зи усэ фыкъеджа дэтхэнэ зы усакIуэми фахуэфащэщ, фефIэкIуэну, фи егъэджакIуэхэр вгъэгуфIэрэ фызыпэрыхьэр къывэхъулIэу фыпсэуну си гуапэщ», - яжесIащ цIыкIухэм.

Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Мудрэн Масирэт зэIущIэм хэтахэми, абы зи гуащIэ хэзылъхьахэми, яхуеблэгъа дэри фIыщIэ къытхуищIащ, псори щIащIэж анэдэлъхубзэхэр хъумэныр ди зэхуэдэ хьэкъыу зэрыщытыр къыхигъэщащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Нэхъыбэр занщIэу IэнатIэ пэроувэ

**Псыхуабэ (Пятигорск) дэт ТАСС хъыбарегъащIэ IэнатIэм и къудамэм щекIуэкIащ «Иужьрей илъэси 6-м зэрыщIагъэтIысхьэ щIыкIэм зэрызихъуэжар: абы пыщIа хабзэхэм я фIагъым кIэлъыплъыным кърикIуахэм япкъ иткIэ, къалэн нэхъыщхьэхэр» пресс-конференцыр. Зэхыхьэм хэтащ щIыналъэхэм я унафэщIхэмрэ къэралым и университет пажэхэм я ректорхэмрэ. Онлайн-зэпыщIэныгъэкIэ зэIущIэм хэлэжьыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алийрэ КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрэрэ.**

Ди Правительствэм и УнафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ IэнатIэм зэрызиужьыну щIыкIэхэр нобэ къэралым и экономикэ щытыкIэхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ зэрелъытар.

«Ди къалэн нэхъыщхьэр зэхъуэкIыныгъэщIэхэм дакъыкIэрымыхуу и чэзум дыхуэкIуэнырщ, ахэр нэхъ тыншу къэдгъэсэбэпын папщIэ япэ диту дылэжьэнырщ. Университетхэм щIэтIысхьэхэр зыхуей хуэзэу къыхэхыныр егъэджэныгъэмрэ экономикэмрэ фейдэ пылъу зэдэлэжьэным и джэлэсщ. Республикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуа лэжьыгъэр кууэ щокIуэкI ди хэгъэгум. ЕджапIэр къэзыуххэр зыпэрыхьэну IэнатIэм щекIуэкIхэм щыгъуэзэн хуей къудейкъым, атIэ зэфIэкI пыухыкIахэр яIэу къыщIэкIыпхъэщ», - къыхигъэщащ Мусуковым.

КъБКъУ-м зэрыщIагъэтIысхьэ кампанием кърикIуахэм я гугъу ящIащ къулыкъущIэхэм. Абитуриентхэр гъэхьэзырыным и фIагъым хэхъуэ зэпытщ. Апхуэдэу, щIэтIысхьэхэм ят зыуэ щыт экзаменхэм ику иту къыщахь баллыр 2019 гъэм 63,97-рэ хъууэ щытамэ, 2025 гъэм 66,4-м нэсащ. Балл нэхъыбэ дыдэ къэзыхьхэм я бжыгъэр процент 50-м нэблагъэкIэ дэкIуеящ: 2024 гъэм цIыхуи 115-м балл лъагэхэр къахьамэ, 2025 гъэм цIыхуи 172-р абы нэсащ.

Абитуриентхэр щеджэну хуейуэ нэхъ къыхаххэм ящыщщ Медицинэ академиер, Социально-гуманитарнэ институтыр, ЭлектроникэмкIэ, робототехникэмрэ интеллект IэрыщIымкIэ институтыр. ПщIэншэу еджэхэм я бжыгъэм иужьрей илъэси 3-м процент 12-м щIигъукIэ хэхъуащ.

Мусуков Алий пщIэ зыщIат егъэджэныгъэм и Iуэхуми и гугъу ищIащ. Илъэсищым (2023 гъэм къыщыщIэдзауэ 2025 пщIондэ) пщIэкIэ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьащ абитуриент мин 11-м щIигъу. Ар щыхьэт тохъуэ цIыхухэм щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным мылъку трагъэкIуэдэну зэрыхьэзырым.

- Къэралым и пщэ къыдэхуэ къалэн нэхъыщхьэр езым и мылъкукIэ еджэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнракъым, атIэ зи мылъку щIэзытхэмрэ пщIэншэу еджэхэмрэ зэхэгъэщхьэхукIауэ, зэрыхузэфIэкIкIэ, щIалэгъуалэм щIэныгъэ, IэщIагъэ етыным егугъунырщ. Ар урысей егъэджэныгъэм и фIагъщ икIи щIыналъэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ щхьэхуэныгъэщ», - жиIащ Мусуков Алий.

Иджыпсту КъБР-м и Правительствэр Урысейм ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм щIыгъуу йолэжь щIыналъэм и экономикэм дежкIэ сэбэп хъуну унэтIыныгъэхэм щIэтIысхьэхэм я бжыгъэхэр нэхъыбэ щIыным.

ЗэрыщIэтIысхьэ ику ит баллым и бжыгъэр нэхъыфI щIыным хуэунэтIауэ ялэжьхэм я гугъу ищIащ Алътуд Юрэ. Абы къыхигъэщащ балл бжыгъэхэр нэхъ лъагэ зэращIыр къэрал политикэм, «Приоритет-2030» программэм, щIыналъэ унафэщIхэм я Iуэху еплъыкIэм зэрелъытар.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ущIэтIысхьэн, ущеджэн щIыхуейм и щхьэусыгъуэу Алътуд Юрэ къелъытэ егъэджэныгъэм и фIагъыр зэрылъагэр, еджапIэр къэзыуххэм лэжьапIэ зэрагъуэтыр, къэзыуххэм я процент 80-р занщIэу IэнатIэ зэрыпэрыувэр.

«Ди университетым къыщIэтIысхьэхэм я процент 12-м щIигъур нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа студентхэрщ, процент 15-м нэблагъэр хамэ къэрал щыщхэрщ. Абы щыгъуэми нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа абитуриентхэм я баллыр, ику иту къапщтэмэ, ди деж щыпсэухэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъагэщ», - дыщIигъуащ ректорым.

Алътудыр щхьэхуэу къытеувыIащ урысей еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрадэлажьэм. Къапщтэмэ, НИУ ВШЭ-м, Къэрал Эрмитажым КъБКъУ-р зэрыпыщIам зиужь зэпытщ.

Ректорым къызэрыхигъэщамкIэ, прикладной унэтIыныгъэхэм зэрызрагъэужьым нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ студентхэр къыдехьэх. Абы къегъэлъагъуэ ди щIыналъэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, университетым щIалэгъуалэр къешэлIэным ехьэлIа хэкIыпIэхэр еужьэрэкIыу къызэрагъуэтыр.

Пресс-конференцым хэтхэм къыхагъэщащ иджыпстурей лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэр дяпэкIи къыпащэмэ, КъБКъУ-м и ехъулIэныгъэхэм зэрыхэхъуэнур, Кавказ Ищхъэрэм и егъэджэныгъэ центр нэхъыщхьэу зэрыщытынур.

**ДАРИЙ Дахэнур.**



# 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 2**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Спортым къыхэжаныкIахэр». КиокушинкаймкIэ щэнейрэ дуней псом чемпион щыхъуа Гъэсашэ Тимур (12+)
**6.45** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.25** «Лъагъуныгъэм и макъамэ». КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Уэтэр Анатолэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Ма, санна инопланетянин». Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и спектакль. КIэухыр (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Пхъумрэ мылъхупхъумрэ». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.25** «УщиякIуэхэр». Жамбэч Маритэ (12+)
**18.10** «Нанэ и псэ». Адэ-анэхэм папщIэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.35** «СщIэну сыхуейщ!». Тележурнал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.05** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.15** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Псэм къехуэбылIэ зэман» (12+)
**20.25** «Псалъэм и зэфIэкIыр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.50** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «И гъащIэр къафэм епхауэ». Анахаев Мурат (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, гъатхэпэм и 3**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**6.40** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Нанэ и псэ». Адэ-анэхэм папщIэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Езым и дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**08.35** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Биссет Д. «Денди пкIауэ цIыкIур». ЦIыкIухэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.15** «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
**17.55** «Европэм и щыгум» (12+)
**18.15** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.35** «Лъагъуныгъэм и макъамэ». ПащIэ Ленэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.05** «Ойнай-ойнай…». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Творческий калейдоскоп». Къандур Мухьэдин и фэеплъу (12+)
**20.15** «СщIэну сыхуейщ!». Тележурнал (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.45** «Дерс нэужьым» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** «Тхылъ телъхьэпIэм» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 4**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** Актёр, режиссёр Къанкъул Ислъам (12+)
**6.50** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Тхылъымрэ сэрэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бзэрабзэ, пшынэ». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.50** «Анэшхуэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Нарт хъыбархэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.30** «Сабиигъуэм и дуней». «Алёнушка» сабий садыр. Тырныауз къалэ (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.50** «Дюймовочка». ЦIыкIухэм папщIэ спектакль (6+)
**18.10** «Спортым и зэман» (12+)
**18.30** «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Узыншэу фыщыт». Джэрыджэ Iэсият (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Спектр». Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеимрэ щIыхь зиIэ я артист ДыщэкI Артур (12+)
**20.15** «Псалъэр Налшыкщ». КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Хьэмту Къадир (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «ЕгъэджакIуэмрэ зэманымрэ». Мечукаевэ Жамиля (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, гъатхэпэм и 5**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Спортым и зэман» (12+)
**6.30** «Спектр». Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеимрэ щIыхь зиIэ я артист ДыщэкI Артур (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.50** «Анэшхуэм и таурыхъхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** Пляцковский М. «Зыми щымышынэ тхьэкIумэкIыхьыр». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.15** «ЦIыкIухэм я дуней» (6+)
**17.50** «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Ойнай-ойнай…» ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.15** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**20.10** «Хэкум и хъумакIуэм и махуэм и щIыхькIэ концерт» (12+)
**21.10** «Чэзу». КъБР-м и Парламентым и депутат Бечелов Ильяс (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, гъатхэпэм и 6**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.25** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**6.45** «Зэпсэлъэныгъэ». Мокаевэ Айзэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гукъыдэж фиIэну» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.50** «Тхылъымрэ сэрэ». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.20** «Ойнай-ойнай…» ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.25** «ФIым телэжьэн». Зеикъуэ къуажэ дэт школ-интернатыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.45** «Албарла» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Ракурс». ТхакIуэ, СССР-м и къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Искандер Фазиль (12+)
**19.00** «Парламент сыхьэт» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Тхылъ еджэ». Къагъырмэс Борис. «ЩэхуитI» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «ЕгъэджакIуэ». Абезеховэ Жулдуз. Тырныауз къалэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.55** Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ТекIуий Мадинэ и фэеплъ пшыхь (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 7**

**6.00** «Ракурс». ТхакIуэ, СССР-м и къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Искандер Фазиль (12+)
**6.40** «Парламент сыхьэт» (12+)
**7.10** «Тхылъ еджэ». Къагъырмэс Борис. «ЩэхуитI» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ФIым телэжьэн». Зеикъуэ къуажэ дэт школ-интернатыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.20** «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ». «Дыгъэ бзий» театрыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Таурыхъым фрегъэблагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.00** «Страна улыбок». ЦIыкIухэм папщIэ нэтын (12+)
**17.35** Спортым теухуауэ (12+)
**17.55** «Песня далёкая и близкая» (12+)
**18.25** «НыбжьыщIэ зэчиифIэхэр» (12+)
**19.05** «Бзылъхугъэ сурэт». КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщI Гериевэ Аймани (12+)
**19.40** «Бзылъхугъэ щыпкъэ». Мэхъуэщ Маринэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**20.30** «Сэ фIыуэ слъагъу уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.20** Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэм ирихьэлIэу. «Къуршхэм ящIэж». Iуащхьэмахуэ щIыналъэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.45** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 8**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «ГухэщIт а гъэхэр…» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэм. «Дорога на край жизни». Телефильм (16+)
**8.15** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэм. «Къуршхэм ящIэж». Iуащхьэмахуэ щIыналъэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «Зэманым екIуу» (12+)
**17.25** «Гъатхэм и зы махуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Балъкъэр лъэпкъыр щрашам…» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.35** «Зэманымрэ цIыхумрэ». УзэщIакIуэ Меликовэ - Абаевэ Хьэнифэ (12+)
**19.05** «Къру закъуэ». Балеринэ, актрисэ Черинэ Людмилэ и гъащIэм теухуауэ (12+)
**20.05** «Щыхьэт сытохъуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.25** Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэм. «Балъкъэр ипщэ теухуауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэм. «Къыйынлыкъда бюгюлмегенле» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 2**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** Мамхэгъ Раисэ: «Адыгэхэр: тхыдэмрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Си щIым щыпсэу цIыхухэр». Джуртубаев Махъти (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** Пушкин А. С. «Бахчисарайский фонтан» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Гъатхэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, гъатхэпэм и 3**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Си гъащIэр утыкум епхащ». Токумаевэ Раисэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.35 - 8.40** «Бгырысхэм я махуэгъэпс». Шахмурзаев Сэхьид (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Мысачэ Петр. «Тэркъан и бохъшэр» Iуэтэжыр (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Гъатхэ макъамэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм - зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «Иужьрей интервью» (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 4**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** КъардэнгъущI Зырамыку. «Нарт уэрэдыжьхэм я тхыдэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «ЗыгурыIуэгъуей зэчий». Байзулла Алий (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Мывэми фIыуэ елъагъу и щIыр». Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша фэеплъ махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр». Тохъу Мухьэмэд (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «ЗэхъуэкIыныгъэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Гум имыхужхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Лъэужь» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, гъатхэпэм и 5**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «ГъащIэм и алыфбей». Жаппуевэ Мэржан. Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша фэеплъ махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Бзылъхугъэм и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэхэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** Искандер Фазиль. «Адакъэ» Iуэтэжыр (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «ГъэунэхупIэ». Зумакулов Борис (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Узыншагъэм теухуауэ иджыри зэ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, гъатхэпэм и 6**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Зэчиймрэ Iэзагъэмрэ». Бабаев Ибрэхьим (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «Бзылъхугъэм хуэгъэзауэ». ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** Биттировэ Iэминат. «Мамэ къигъэзэжатэмэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «ИгъэзэщIа ролхэр». УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сибэч Быхуэ (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 7**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Гъатхэ макъамэхэр». Концерт (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 8**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 10.45** «Ар пщыгъупщэ хъунукъым» (адыгэбзэкIэ)
**10.45 - 11.00** Гъут Iэдэм. «ЕмыкIу». Къамыгупсыса хъыбар (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 11.40** «Тщымыгъупщэн икIи тщIэн». Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша фэеплъ махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Узымрэ фэеплъымрэ» (балъкъэрыбзэкIэ)

# «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 2**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Лашынкъей къуажэм и тхыдэр (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «УпщIэ нагъыщэ» (12+)
**17.30** Мэз Каринэ теухуауэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, гъатхэпэм и 3**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ЦIыхухэмрэ зэманымрэ». Хэку зауэшхуэм и ветеран Атабиев А. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Псыгуэнсу къуажэ. Япэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 4**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Хэку зауэшхуэм и ветеран Урыс Л. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
**17.25** Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Iумэт М. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, гъатхэпэм и 5**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ЦIыхухэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ». Османов Хь. и тхылъым теухуауэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «УпщIэ нагъыщэ» (12+)
**17.25** Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, гъатхэпэм и 6**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Лэжьыгъэм и ветеран Стремоуховэ Л. (12+) (12+)
**17.25** «Сыбзылъхугъэщ». ДыщэкI М. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 7**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** Балъкъэр лъэпкъыр хэкум щраша махуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 8**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** КъБР-м и лъэпкъ проектхэр (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 2**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, гъатхэпэм и 3**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 4**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, гъатхэпэм и 5**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, гъатхэпэм и 6**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 7**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 8**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

● Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэс

# Си адэжьхэр адыгэщ, абыхэм сракъуэпсщ



**Дунейр къызэригъэщIрэ цIыхум цIыху къелъыхъуэ, зым бгъэдэлъ щIэныгъэр нэгъуэщIым зэрыритын, я дуней лъагъукIэхэмкIэ зэрызэхъуэжэн хэкIыпIэхэр зэригъэуIуу. Пэж дыдэу, ЩIы хъурейм лъэпкъыу тетым я щэнхабзэм нэхъ телъыджэ дыдэу хэлъым щыщщ ямыщIэр къащIэну, зыщымыгъуазэр къахутэну зэрыгъэпсар. А щIэныгъэрщ лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэзыщIри, я зэхуакум дэлъ зэхущытыкIэхэр зыгъэбыдэри, игъащIэкIэ къэмыкъутэжыну лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр къызыхэкIри.**

КЪЭРАЛ унафэкIэ дызэрыт 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу щагъэуващ. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр игъащIэми зэрызэгъунэгъум и мызакъуэу, сыт щыгъуу зэкъуэту, щIыналъэм къиихьэ бийм зэщIыгъуу пэщIэту къэгъуэгурыкIуащ. Лъэпкъыбэр щызэхыхьэкIэ, благъагъи я зэхуаку къыдохъуэ, зым и пхъур адрейм и къуэм къригъашэу, зым и быныр адрейм къану ищтэу. КуэдкIэ нэхъ гуащIэт быдзышэ хьэкъкIэ цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ благъагъэри. Жылагъуэхэр зэрыщIэн щхьэкIэ цIыхухэм лъагъуэбэр пхашырт – station




# Зэныбжьэгъухэр

Еуэри, бажэ плъыжьыфэ цІыкІу, КІэдахэкІэ еджэу, мэзым щыпсэурт. Щыпсэурт и нанэрэ дадэрэ я гъусэу, гъуэ дахэ дыди яІэу.

Махуэ дыгъэпс гуэрым КІэдахэ къижыхьырт къыхуащэхуа лъакъуэрыгъажэмкІэ. Ныбжьэгъу пэжу иІэ мэз джэду КІущэнагъуэрэ тхьэкІумэкІыхь ХьэкІуэкІунэрэ и ужьым итт: «Кхъыlэ, къэдгъэжыхь», - жаІэу къелъэІуу. АрщхьэкІэ мыдрейм и пэр яхудригъэзейти япидзыжырт: «Фэ фытезгъэтІысхьэу сыту фэзгъэкъутэрэт!»

КІэдахэ зэрызищІыр и ныбжьэгъуитІым я жагъуэ хъурт, ауэ мо тхъэжу къэзыжыхь бажэ цІыкІум зыри жрамыІэу, ехъуапсэу ІукІыжхэрт. Апхуэдэу КІущэнагъуэрэ ХьэкІуэкІунэрэ КІэдахэ деж зыкъомрэ кІуащ, ауэ икІэм-икІэжым мыкІуэжыххэ хъуащ.

Ауэрэ махуэ зыщыплІи докІ, бажэр и ныбжьэгъухэм яхуозэш - яхуозэшри, зи жагъуэ ищІахэм екІужыну мурад ещІ, и лъакъуэрыгъажэм тесу мэз джэдум деж макІуэри йоупщІ:

- КІущэнагъуэ, сыт си деж уныщІэмыкІуэжыр?

- Уи лъакъуэрыгъажэм ущосхьри, къридбгъэжыхьыркъым, – жи нэщхъейуэ КІущэнагъуэ.

- Ар Іуэху сытми. Сыщысхьынкъым, ухуеиху утезгъэсынщ, - жеІэри, КІэдахэ къопсыхри, лъакъуэрыгъажэр хуегъэкІуатэ и ныбжьэгъум.

- Пэжуи?! ХьэкІуэкІуни тебгъэтІысхьэн?

- ТезгъэтІысхьэнщ...

Хуиту къыщажыхьыну губгъуэм кІуахэу здэщыІэм, КІущэнагъуэ куэдри къимыжыхьауэ, КІэдахэ зыгуэрхэр къибжу щІедзэ:

- Апхуэдэукъым зэрагъэкІэрахъуэр. Апхуэдизу зытумыгъащІэ. АфІэкІа тесыкІэ щумыщІэм, сыт ущІытетІысхьар? Куэдщ узэрытесар. Иджы ХьэкІуэкІунэ къет.

Мэз джэдур къопсыхри, лъакъуэрыгъажэр тхьэкІумэкІыхьым ирет. ХьэкІуэкІунэ зэрытетІысхьэу, КІэдахэ и нэщхъыр зэхеукІэри, нэхъ Іеижу гъумэтІымэу щІедзэ:

- Елърэ абы и тесыкІэр! Елърэ абы и гъэкІэрэхъуэкІэр!

Аргуэру гъумэтІымэу щыхуежьэм, ХьэкІуэкІуни лъакъуэрыгъажэм къопсыхыж:

- Мэ, узэрыхуейуэ уэ тесыж.

- Лъакъуэрыгъажэм ущымысхьыну жыпІэу дыкъыщІыдэпшар сыт? Уи псалъэр щумыІыгъыжыфынум дыкъэбгъэбырсеини хуеякъым, - мэшхыдэ КІущэнагъуэ.

Къигъэпца цІыкІуитІым я щІыбыр къагъазэри, ежьэжа къудейуэ, ДыкъуэжькІэ зэджэ дыгъужьыр къыкъуокІри, КІэдахэ и лъакъуэрыгъажэр къытрех. Дыкъуэжь мэшэсри, дыхьэшхыжу щІопхъуэ, КІэдахи абы кІэлъожэ.

- УуейІым ар, къызэтыж! Нани Дади уажесІэжынщ, - мэкІий бажэр.

И ныбжьэгъуитІым ахэр къалъагъури, якІэлъыщІопхъуэ. Дэуей-къеухыу щІыпІэ быркъуэшыркъуэхэм къыщижыхьурэ, дыгъужьым лъакъуэрыгъажэр пкърыпкъыу зэпкъреудри, къыхыфІедзэж.

КІэдахэ апхуэдизу зыщысхьу щыта и лъакъуэрыгъажэм и пкъыгъуэхэр зэхуехьэсыж и нэпситІыр щІилъэщІыкІыурэ, КІущэнагъуэрэ ХьэкІуэкІунэрэ я ныбжьэгъум доІэпыкъу, игури фІы хуащІыжыну хэтщ:

- Умыгъ, щыри дызэхыхьэнщи, уи лъакъуэрыгъажэр тщІыжынщ!

КІэдахэ и ныбжьэгъуитІым, езым хищІыхьышхуэ щымыІэу, лъакъуэрыгъажэр зэрагъэпэщыжащ.

Абы лъандэрэ ахэр лъакъуэрыгъажэм чэзууэ тесу плъагъунущ.

**ТАУ Нинэ.**

● **Чэнджэщхэр**

# Гъатхэм щІэдзапхъэщ

Помидор, шыбжий, къинэмыщІ гъэтІысхьэнхэр (рассада) гъэкІыным иужь ихьэн хуейщ гъатхэпэм икухэм нэхъ мыгувэу. ЩІыгу щІыІэм ахэр хэплъхьэкІэ бэв къыуитынукъым. Апхуэдэм къару имыгъуэтурэ, дэкІеинущ. КъинэмыщІауэ, куэдым къащыщІыр аращ: Іувыщэу жылэр дапхъэри, гъэтІысхьэнхэр лъакъуэ псыгъуэ къарууншэу къокІ. Абы бэвкІэ ущыгугъыныр щхьэгъэпцІэжщ. КъинэмыщІауэ, щыхасэкІэ, щІыгур фІыуэ ягъэщэбэн, щІыгъэпшэркІэ елэжьын хуейщ. ГъэтІысхьэнхэри Іувыщэу бгъэтІыс хъунукъым, стэканым щыбгъэкІар щызэкъуэпчыжкІэ, къэкІыгъэм зэран ухуэхъункІэ мэхъу. Абы ухуэсакъын хуейщ.

* * *

Пхъыр нэхъыбэм Іувыщэу къагъэкІ, ахэр цІыкІу, ІэфІыншэ яфІохъу. Ар гъатхэм щыхасэкІэ, щІыгур къэтІауэ щытами, иджыри зэ зы белыщхьэрэ никъуэкІэ етІыхыжын хуейщ. КІэнауэ цІыкІуу дэфтхъу, жылэр дэфпхъэ, псы щІэфкІэ, пшахъуэ тефкІути, а псом яужь щІыгу фІыцІэр тефлъхьэж, тІэкІуи лъакъуэкІэ фубэж.

ЩІыгу быдэм хэплъхьа пхъым зыкъыдрегъэзеижри, къуабэбжьабэу, ІэфІыншэу, дыгъэрыжьэу мэхъу. Хуэсакъыпхъэщ пхъы зэхуакухэми. Пхъым лъабжьэ къищІа, къызэщІэрыуа нэужь, лейр къыкъуэпчурэ пщІын хуейщ. ПхъыщІэ цІыкІухэр сабийхэмкІи балигъхэмкІи къэуатщ, витаминкІэ бейщ.

* * *

КІэртІофыр хэпсэным и пэ къихуэу, дыгъэм, жьы зэпеуэм фІыуэ хэбгъэлъмэ, бэв хъунущ. Уеблэмэ кІэртІофыр щхъуантІэ хъууэ, тІэкІуи къикІыкІыху дыгъэм хэбгъэлъын хуейщ. Абы щыгъуэм хэпсар тІукІэ мэбагъуэ.



# Псалъэжьхэм къарыкІыр

**МылІэр лІы мэхъу** - Гугъуехь куэдым къелам хужаІэ.

**Мыхъуужмэ, жьэн узщ, уихьыжмэ, ажалщ** – Ажалым щхьэусыгъуэ и куэдщ, жыхуиІэщ.

**Нэм и пэ псэр ихуэ** - Дуней нэхур умылъагъужу, гъащІэм и ІэфІыр зыхыумыщІэжу упсэу нэхърэ, умыпсэуххэмэ нэхъыфІщ, жыхуиІэщ.

**Псор лІакІэ яхъуэжыркъым** - ЛІар сыт хуэдизкІэ фІыуэ щымытами, абы къыпхуегъэгъэзэжынукъым, къэнам зегъэзэгъ, жыхуиІэщ.

**ЛІар псэум пащІыркъым** - Псор мэгугъэри, лІар зыми щыгугъыжыркъым.

**МылІэмэ, лІы хъунщ** - ЦІыхур псэуху нэхъыфІкІэ мэгугъэ, жыхуиІэщ.

**ПцІы бупсынумэ, лІам телъхьэ** - И пэжагъэр зымыгъэнэхуэфын Іуэхугъуэ щыхьэту къехь, жыхуиІэщ.

**Сымаджэр къонэри, щІэупщІакІуэр малІэ** - Сымаджэ хьэлъэр къанэу, лъэрытетыр, зи псэугъуэу плъагъур дунейм щехыжкІэ жаІэ хабзэщ. Ажалым зэхэгъэж ищІыркъым, жыхуиІэщ.

**Узыфэр мыхъужым, ажал и хущхъуэщ** - Мыхъужын узыфэм гугъу иригъэхьым хужаІэ хабзэщ.

**Уи псэр жыжьэу гупсысэми, уи псэхэхыр дамэм тесщ** - ЦІыхур фІым щыгугъыу псэу щхьэкІэ, и ажал къыщысыну дакъикъэр ищІэркъым, жыхуиІэщ.

● **ГъэщІэгъуэнщ**

# Бзэр куэд хъуркъым

Нэхъыбэм къызэралъытэмкІэ, бзэ зэмылІэужьыгъуэу тху зыщІэм полиглоткІэ йоджэ. Америкэ лингвист Эрард Майкл зэрыжиІэмкІэ, бзитхур икІэм нэсу игъэшэрыуэу аракъым полиглотым, атІэ цІыхур къызэрыгуэкІ Іуэхум щытепсэлъыхькІэ, къыгурыІуэу, псалъэ къызэрыгуэкІхэмкІэ жэуап итыжыфу аращ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, археолог цІэрыІуэ, Троя къэзыхутауэ щыта Шлиман Генрих бзэ 14-м ирипсэлъэфырт. Ахэр зэригъэщІэн папщІэ, и анэдэлъхубзэмкІэ тха зы тхыгъэр нэгъуэщІ бзэхэмкІэ зэрыригъэдзэкІыу еджэурэ зэригъэщІауэ арат. ИужькІэ хамэ къэралыбзэкІэ тхыгъэр гукІэ зэригъащІэрти, ар къипсэлъым-къипсэлъурэ и бзэр хуэшэрыуэ хъурт. ИтІанэ фІэгъэщІэгъуэн хъыбар цІыкІухэр, зэрыхъум хуэдэурэ, хамэбзэмкІэ итхырти, къригъэпщытэну зыгуэрым иритырт.

Итальянец Лампариелло Лукэ бзэ 11-м ирипсалъэрт. Дауэт зэрызригъащІэр? Іыхьиплу зэхэтт. ЕдаІуэрт, а зэдэІуар макъкІэ жиІэрт, иритхэрт, зэридзэкІырт. Абы щыгъуэми хамэбзэкІэ тхар и анэдэлъхубзэмкІэ зэрихъуэкІыу аратэкъым, атІэ и бзэкІэ тхар хамэ къэралыбзэ ищІырт.

Бзэ зэмылІэужьыгъуи 6-кІэ псалъэ ирланд полиглот Льюис Бенни и Іэмалыр нэгъуэщІщ, абы зэбгъащІэ бзэм занщІэу урипсэлъэн щІэбдзэн хуейуэ къегъэув. Льюис къызэрилъытэмкІэ, псалъэ зырызу зумыгъащІэу, псалъэуха зэрыІыгъыурэ уигу ибубыдэн хуейщ. Апхуэдэуи грамматикэм зэман лей тумыгъэкІуадэу, бзэм ирипсалъэхэм интернеткІэ запыпщІэу уадэуэршэрыныр нэхъ хэкІыпІэфІу къелъытэ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ. **5**. Языныкъуэ щыгъынхэм я лъабжьэ, я нэз. **7**. Муслъымэн лъэпкъышхуэ. **8**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **9**. Нартыху ... е бжьын ... **11**. ... къэпщІауэ, еджакІуэхэр школ пщІантІэм щызэрызохьэ. **16**. Дин ІуэхукІэ Сауд Хьэрыпым кІуэуэ къэзыгъэзэжа цІыху. **17**. Зи кІапэ лъэныкъуэр упІэщІа гъущІ кІапэ (пхъэ иризэгуаудын щхьэкІэ къагъэсэбэп). **18**. Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм и япэ унафэщІу щыта Къэрмокъуэ ... **20**. Урысейм я пащтыхьышхуэ Иуан Грознэм и щыкъу адэ ... Темрыкъуэ. **21**. «Шы ... лъэ псыгъуэм уи фэр изоплъри ...» - Къэжэр Индрис иуса уэрэд цІэрыІуэм щыщщ.

***Къехыу:*** **2**. Зи щхьэкІэхэр пыупщІа, зи къудамэхэр теухъуэнщІыкІа жыг лъэдий гъум. **3**. УщІэнэщхъеини ущІэдыхьэшхыни зыхэлъ Іуэху гуэр. **4**. Щхьэхуимыту яІыгъ цІыху. **5**. ЩІалэ фІыцІэ. **6**. Языныкъуэ къуажэдэсхэм я фІэІугъэхэр, пхъэщхьэмыщхьэр абы щахъумэ. **10**. Выр щыщІащІэкІэ и пщэм тралъхьэ пхъэ. **12**. Дзапэ ... **13**. Республикэм е къэралым и къалащхьэм зэреджэ. **14**. «Щхьэдыкъ» псалъэр нэгъуэщІу зэрыжаІэ. **15**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, КъурІэныр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІа. **19**. Чы гъур.

*Зэхэзылъхьар* **САУТ СулътІанщ**.

***Мазаем и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **4**. БылымкІэ. **5**. Язщ. **9**. Хъумэ. **11**. Гъэмахуэм. **12**. Зеущэху. **13**. Къыумыхь. **15**. Хамэхьэр. **16**. Іэр. **17**. Фэм. **20**. ЗэпыщІащ.

***Къехыу:*** **1**. Ябз. **2**. Зышхар. **3**. Пэт. **6**. Зытелъхьэ. **7**. ІэщІэкІар. **8**. Жьэдыхьэр. **10**. МэзымкІэ. **14**. ЛІэужьыр. **18**. Изщ. **19**. Ущу.

# «Кавказ» ансамблым и саугъэт лъапIэхэр

**Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым лъэпкъ къафэхэмкlэ и «Кавказ» ансамблыр лъэпкъхэм зэдай зэпеуэм и лауреат хъуащ. Ар къызэригъэпэщащ ныбжьыщlэхэм къафэмкlэ я зэхьэзэхуэ езыгъэкlуэкl lуэхущlапlэм, къэфакlуэхэм я фондымрэ къэфакlуэ ныбжьыщlэхэм папщlэ щыlэ «Звезда» фондымрэ и дэlэпыкъуэгъуу.**



ЗЭПЕУЭМ и «ЦIыхубэ къафэ» унэтIыныгъэм «Кавказ» ансамблыр япэ нагъыщэм и лауреат щыхъуащ, «Самайя» куржы къафэм папщIэ. Япэ нагъыщэм и лауреат цIэр къыщыхуагъэфэщащ «Къагъэщlэрэщlэжа цlыхубэ къафэ» унэтlыныгъэм хыхьэу ягъэзэщlа адыгэ уэркъ «Къафэм» папщlи. А къафэ дыдэм къэпщытакlуэхэм къыхуагъэфэщащ Гран-при саугъэт нэхъыщхьэри.

Гупыр зэпеуэм и зэфlэкl щеплъыжыныр и жэрдэмщ абы и унафэщl, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым къафэмкlэ и кафедрэм и доцент, КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм гъуазджэмкlэ щlыхь зиlэ и цlыху Марзоевэ lэсият.

Зэхьэзэхуэм и къэпщытакlуэ гупым хэтащ Вагановэ Аннэ и цlэр зезыхьэ Урыс балетым и Академием (Санкт-Петербург) щезыгъаджэ Агаровэ Аннэ, къэфакlуэ, балетым и артист, иджырей къафэхэм хуезыгъаджэ Калужный Юрий (Москва), къэфакlуэ, къафэ шоухэр зыгъэув режиссёр, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, Гран-при саугъэт нэхъыщхьэр зыхуагъэфэща Шако Татьянэ (Симферополь), Белоруссием щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ и къэрал институтым и доцент Ключевская Юля (Минск), театрымрэ кинэмрэ я актёр, къафэмкlэ театрым и унафэщl, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Шафутлинов Ренат (Къэзан), Узбекистаным къафэмкlэ и академиер къэзыухa Тахаровэ Талия (Ташкент).

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

---

● Бэнэкlэ хуит

## ЗэкIэ дыжьынщ



Зэкlуий Азэмэт и адэ Арсен и гъусэу.

**УФ-м Бэнэкlэ хуитымкlэ и федерацэм и вице-президент Семенов Владимир и Кубокыр къэхьыным хуэунэтlауэ Ханты-Мансийск автоном округым и Пойковскэ къалэм и «Нептун» спорт комплексым щекlуэкlащ 20-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэхуэсащ хамэ къэрал 14-м, УФ-м и щlыналъэхэм ящыщу 25-м, Луганск Республикэр, Запорожьемрэ Къырымымрэ яхэту, я спортсмену 150-м щlигъу икlи я хьэлъагъ елъытауэ гупипщlу гуэшауэ щытащ ахэр.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу зэхьэзэхуэм щыбэ-нащ Зэкlуий Азэмэт - килограмм 92-рэ хъухэм я деж мызыгъуэгу дыжьын медаль къыщихьащ. Ди щlалэм финалым къыщытекlуащ осетин щlалэ Багаев Алан. Апхуэдэу щlыжытlэм и щхьэусыгъуэр, 2024 гъэм Азэмэт ар къызэрихьауэ щытарщ. Уеблэмэ Семенов Владимир и Кубокым Зэкlуий зэкъуэшхэр иджы япэу щlэбэну аракъым - 2023 гъэм абы щытекlуащ Азэмэт и къуэш нэхъыжь Анзори. Щlалэхэм ядэлажьэр я адэ Арсенщ.

Къыхэдгъэщынщи, Семенов Владимир и Кубокым дуней псом нэхъ пщlэ щызиlэ, къэрал куэдым я спортсмен лъэщхэр илъэс къэс щызэхуэс зэхьэзэхуэщ. УФ-м щрагъэкlуэкlхэм ящыщу Бэнэкlэмкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (UWW) япэу хагъэхьахэм яхэтщ, дунейпсо федерацэм и календарми ищхъэрэ щlыналъэ нэхъ жыжьэхэм щрагъэкlуэкl зэхьэзэхуэу къыщыгъэлъэгъуащ.

А псом нэмыщl, бэнэкlэ хуитымкlэ ди къэралым щызэхаша зэlущlэ нэхъ инхэм хохьэ, Ярыгин Иванрэ Алиев Алийрэ я цlэхэр зезыхьэхэм къадэкlуэу, икlи 2003 гъэм къыщыщlэдзауэ ирагъэкlуэкl.

Мыдрейуэ, иджырей зэхьэзэхуэм щытекlуахэм сом мини 150-рэ, етlуанэхэм - сом мин 75-рэ, ещанэ хъуахэм сом мин 50 зырыз иратащ.

**КЪУЭЖЕЙ Iэмин.**

---

● Футбол

## ФIыт, апхуэдэу зэхьэзэхуэми хэтамэ

**«Спартак-Налшыкым» мы махуэхэм иригъэжьащ Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым 2026 гъэм щекlуэкlыну зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным и кlэух lыхьэр. Абы гулъытэ нэхъ зыщыхуащlынур зэныбжьэгъугъэ зэlущlэхэр ирагъэкlуэкlыурэ гупыр зэщlагъэуlуэнырщ.**

МЫ зыгъэсэныгъэхэр Кисловодск къалэм щокlуэкl икlи абы зырыщыlэну махуэ зыбгъупщlым «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэlущlэу 8 къыпэщылъщ. Абыхэм ящыщу тlур мазаем и 21-м зэхэтащ. А зы махуэм къриубыдэу ди щlалэхэр япэщlыкlэ шэджагъуэм дэджэгуащ Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ лигэм и «Дыжьын» («А») гупым дяпэкlэ зыкъыщызыгъэлъэгъуэну Владикавказ и «Алания»-м. Нэгъабэ ар япэ лигэм хэтащ.

«Спартак-Налшыкым» и фащэр ящыгъыу джэгур ирагъэкlуэкlащ Къумыкъум, Кlэдыкlуейм, Жабоевым, Гъуэгузокъуэм, Кенжевым, Гирзишевым, Дзыгулым, Хьэцlыкlум, Лысенкэ, Кумыщым (ар lэпщацэм ихъуэжащ), Ибрагимовым. Ди щlалэхэм ар икъукlэ зэщlэкъуауэ икlи жыджэру ирагъэжьащ. Абы и фlыгъэкlэ псынщlэ дыдэу бжыгъэр къызэlуахащ, Кумыщ Ахьмэд штрафнойм имыхьэу лъэщу гъуэм еуа иужькlэ.

Пэжщ, владикавказдэсхэм мыгувэу lуэхур ягъэзэкlуэжащ. Арщхьэкlэ командэхэр загъэпсэхуну икlащ, «Спартак-Налшыкыр» аргуэру япэ ищауэ. Иджы къыхэжаныкlар Гъуэгузокъуэ Андемырщ.

Джэгум и етlуанэ lыхьэм щыдагъэкlар зы топ закъуэщ. Ар зыхуэзэфlэкlар зыгъэсэныгъэхэр зэрекlуэкlрэ щыlа зэlущlихым еплlанэу я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр хэзыгъэщlа Ибрагимов Магомедщ.

Апхуэдэ щlыкlэкlэ «Спартак-Налшыкыр» 3:1-уэ «Алания»-м текlуащ. Абы иужькlэ сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкlыу етlуанэ зэныбжьэгъугъэ зэlущlэри зэхаублащ. Адэкlэ я хьэрхуэрэгъур, мазэ ипэкlэ зыдэджэгуу 4:1-уэ хагъэщlауэ щыта, «СтавропольАгроСоюз»-рат. Аргуэрыжьти, ди щlалэхэр текlуащ, иджы 2:0-у. Топхэр дэзыгъэкlар Пекъу Ислъамрэ Дзарасов Сослъэнрэщ. «Спартак-Налшыкым» хэту «СтавропольАгроСоюз»-м дэджэгуащ Каркаевыр, Кlэщтыр, Пириевыр, Балъкъызыр, Блийр, Селяевыр (ар Болэтокъуэм ихъуэжащ), Пекъур, Урысыр, Черкесовыр, Лlупыр.

Ущымыгуфlынкlэ lэмал иlэкъым мыгъэрей зыгъэсэныгъэхэм зэрыщlадзэрэ «Спартак-Налшыкым» къигъэлъагъуэ джэгукlэфlым. Жыпlэну ирикъунщ абы иригъэкlуэкlа зэныбжьэгъугъэ зэlущlиблым ящыщу 5-м зэрыщlытекlуар, 2-м зэрытемыгъэкlуауэ зэрызэбгъэдэкlыжар. Топ дагъэкlахэмрэ къыхудагъэкlахэмрэ зэрызэхуэщытри lейкъым - 18 - 6. Фlыт, апхуэдэу зыкъыщагъэлъэгъуамэ, мыгувэу зыхыхьэну урысейпсо зэхьэзэхуэми.

Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» и тренерхэми зэхьуэкlыныгъэ ягъуэтащ. Тренер нэхъыщхьэм и дэlэпыкъуэгъу Шагъыр Исмелрэ гъуащхьэтетхэр зыгъасэу щыта Щоджэн Борисрэ я пlэкlэ а къалэнхэр иджы ягъэзэщlэнущ Каркаев Алимрэ Къумыкъу Артуррэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

---

## ШколакIуэхэм ирагъэлъагъу

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыlэм и «Эльбрус» СОБР-м и лэжьакlуэхэм Нарткъалэ и школакlуэхэм папщlэ Бжэ зэlухахэм я махуэ ирагъэкlуэкlащ, Урысей гвардиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10, хабзэм и хъумакlуэ дзэхэр зэрыщыlэрэ илъэс 215-рэ зэрыхъум я щlыхькlэ.**




РОСГВАРДЕЙСКХЭР я хьэщlэ ныбжьыщlэхэм яхутепсэлъыхьащ гупыр къызэрыунэхуам, ягъэзащlэ къалэнхэм, я къулыкъум и щхьэхуэныгъэхэм, апхуэдэуи, я псэм емыблэжу цlыхухэр яхъумэу зи гъащlэр зыта я лэжьэгъухэм зэрахьа лlыгъэхэм. Къызэхуэсахэр дакъикъэкlэ щымыри, хэкlуэдахэм я мемориалым деж удз гъэгъахэр щагъэтlылъащ.

Адэкlэ школакlуэхэм ирагъэлъэгъуащ я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп автомашинэхэр, я щыгъынхэр, lэщэхэмрэ lэмэпсымэхэмрэ.

Школакlуэхэм lэнатlэм и лэжьакlуэхэм фlыщlэ хуащlащ, я къалэнхэр тыншу ирахьэкlыну зэрагуапэри къыхагъэщащ. Хабзэхъумэхэр я хьэщlэхэм ехъуэхъуащ еджэным ехъулlэныгъэхэр щызыlэрагъэхьэну.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

---


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. (12+)

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.245 • Заказыр №378

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым lэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А